AVI PIBLIK RÈGLEMAN KONT DISKRIMINASYON

Se règleman Depatman Edikasyon Vil Nouyòk pou l bay opòtinite anplwa egalego dapre lwa ak règleman ki aplikab,ak san baze sou ras, koulè, relijyon, kwayans, etnisite, orijin nasyonal, alyenaj, kondisyon sitwayènte, laj, kondisyon matrimonyal, kondisyon afilyasyon, andikap, oryantasyon seksyèl, sèks (ladan idantite seks reyèl oswa chwazi, ekspresyon sèks, gwosès/kondisyon ki gen rapò avèk gwosès oswa fè pitit), wotè, gwosè, estati militè, kondisyon chomaj, ansyen dosye arestasyon oswa anprizònman, estati moun k ap bay swen, istwa kredi klyan, karakteristik predispozisyon jenetik, istwa salè, desizyon sante repwodiktif ak seksyèl, oswa kondisyon kòm viktim vyolans konjigal, agresyon seksyèl oswa pèsekisyon, ak pou kenbe yon anviwònman san arasman pou okenn nan klasifikasyon ki pwoteje pi wo yo, tankou arasman seksyèl ak revanj.

Se règleman DOE pou ofri opòtinite egal nan edikasyon an konfòmite avèk lwa ak règleman ki an vigè san konsiderasyon pou ras, koulè, relijyon, kwayans, etnisite, peyi orijin, kondisyon imigrasyon, kondisyon sitwayènte, laj, kondisyon vi konjigal, andikap, preferans seksyèl, sèks (ladan idantite sèks reyèl oswa chwazi, ekspresyon seksyèl, gwosès/kondisyon ki gen rapò avèk gwosès oswa fè pitit), oswa gwosè epi pou kenbe yon anviwònman ki pa gen arasman pou okenn nan klasifikasyon yo pwoteje ki pi wo a, tankou arasman seksyèl ak revanj.

Se règleman DOE pou asire pwogram, sèvis, ak aktivite DOE, ladan reyinyon piblik DOE, aksesib pou paran, responsab ak lòt moun ki fè biznis avèk DOE, ki travay avèk anplwaye oswa elèv DOE, ki itilize enstalasyon DOE, oswa otreman kominike avèk DOE san yo pa konsidere ras aktyèl, koulè, relijyon, laj, kwayans, etnisite, orijin nasyonal, alyenasyon, sitiyasyon sitwayènte, andikap, oryantasyon seksyèl, sèks, wotè, gwosè, sitiyasyon matrimonyal, kiyès ki patnè w, oswa sitiyasyon militè.

Règleman sa a an konfòmite avèk Tit VI ak Tit VII lwa dwa sivil 1964, Tit IX Amandman Edikasyon 1972, Lwa sou diskriminasyon nan anplwa 1967, Seksyon 503 ak Seksyon 504 nan lwa reyabilitasyon1973, Amannman nòm pou jistis nan travay 1974, Lwa refòm ak kontwòl imigrasyon1986, Lwa pou Ameriken ki gen andikap 1990, Lwa Dwa Sivil 1991, Lwa dwadelòm Vil ak Eta Nouyòk ak Seksyon lwa
Kont-Discriminasyon nan Akò Negosyasyon sendika avèk Depatman Edikasyon Vil Nouyòk.

Règleman Chanselye (CR A-830) tabli pwosedi pou anplwaye, paran elèv, elèv ak lòt moun ki fè biznis avèk DOE, travay avèk anplwaye oswa elèv DOE, ki itilize bilding DOE oswa ki gen entèaksyon avèk DOE pou pote plent pou diskriminasyon ilegal oswa arasman anplwaye DOE oswa moun ki pa anplwaye DOE fè men ki travay avèk anplwaye oswa elèv DOE, oswa revanch yo sibi poutèt yo pote plent sa yo. Moun ka kontakte biwo *Office of Equal Opportunity ak Diversity Management* (OEO) oswa yo ka pote plent nan youn nan ajans nou mete pi ba yo pou pote plent. Ou ka jwenn yon kopi règleman chanselye A-830 nan biwo OEO oswa nan https://www.schools.nyc.gov/about-us/policies/chancellors-regulations.

Resous DOE:

Main Office:

Office of Equal Opportunity & Diversity Management
New York City Department of Education
110 William Street, 15th Floor
New York, NY 10038
Tel: 718-935-3320
oeoinquiries@schools.nyc.gov

Si w gen kesyon osijè konfòmite Tit IX kontakte:

Kowòdonatè Tit IX
110 William Street, 15th Floor
New York, NY 10038
Tel: 718-935-4987
Title_IX_Inquiries@schools.nyc.gov

Si w gen kesyon osijè Akomodasyon Seksyon 504, ou ta dwe kontakte:

Section 504 Coordinator
Office of School Health
110 Delancey Street, 15th Floor,
New York, NY 10038
Tel: (212) 287-0354
504Questions@schools.nyc.gov

Resous ekstèn:

- U.S. Equal Employment Opportunity Commission, New York District Office – 33 Whitehall Street 5th Floor, New York, NY 10004 – 2123363620
- Office for Civil Rights, New York Office U.S. Department of Education – 32 Old Slip, 26th Floor, New York, NY 100052500 – 6464283900
- New York State Division of Human Rights – 1 Fordham Plaza – 4th floor, Bronx, NY 10458 – 7187418400
- New York City Commission on Human Rights – 22 Reade Street – 1st floor, New York, NY 10007 – 2123067450